



Division of Licensing Services

New York State
Department of State
Division of Licensing Services
Security Guard
P.O. BOX 22052
Albany, NY 12201-2052
Sèvis Kliyantèl: (518) 474-7569
www.dos.ny.gov

Chanjman Kondisyon Ajan Sekirite

ENSTRIKSYON:

- Tanpri ekri enfòmasyon ki obligatwa yo an lèt detache jan nou mande ou.
- Pou chanje kondisyon ou lè ou te yon ajan sekirite *san zam* pou vin yon ajan sekirite *ki gen zam*, ou dwe soumèt fòm sa a ansanm avèk yon sètifika ki montre ou te patisipe nan yon kou sou zam-pou-tire pandan 47 èdtan.
- Ou dwe retounen dènye kat ID ajan sekirite ou.
Anplis ajan sekirite ki gen zam yo dwe patisipe nan yon kou sou zam-pou-tire chak ane pandan 8 èdtan. Ou dwe patisipe nan kou sa a **nan yon ane almannak** apre ou patisipe nan kou sou zam-pou-tire pandan 47 èdtan, epi **chak ane apre**.
Pou ou kapab anrejistre, nou ka akòde ou yon egzansyon nan fòmasyon an si ou kapab montre ou te patisipe nan fòmasyon ki satisfè oswa depase estanda minimòm pou pre-afektasyon 8 èdtan an oswa nan kou sou zam-pou-tire pandan 47 èdtan. Ou ta dwe voye demann egzansyon yo nan **Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl [Division of Criminal Justice Services (DCJS)] Eta New York, Pwogram pou Ajan Sekirite (Security Guard Program)**. Pou mande yon egzansyon, kontakte DCJS dirèkteman nan nimewo **(518) 457-4135 (oswa ekri yo nan adrès 80 South Swan Street, 3rd Fl., Albany, NY 12210-8002)**. **Si yo apwouve ou, DCJS ap voye yon lèt egzansyon ba ou. Ou dwe soumèt lèt sa a ansanm avèk aplikasyon ou nan Depatman-Deta.**
- Voye fòm sa a pa lapòs, ansanm avèk frè a ak nenpòt dokiman obligatwa nan adrès ki endike anwo a. Ou ka peye avèk chèk oswa avèk chèk postal (money order) ki ekri sou non Department of State oswa ou ka peye nenpòt frè avèk MasterCard oswa Visa, avèk yon fòm otorizasyon pou kat kredi. Pa voye lajan kach pa lapòs. W ap gen pou peye yon frè \$20 dola pou nenpòt chèk bank ou retounen.

FRÈ OU DWE:

NIMEWO UID

NON KI SOU LISANS LAN

ADRÈS KAY (NIMEWO AK RI)

APATMAN / INITE / BWAT POSTAL:

VIL

ETA

KÒD POSTAL+4

NIMEWO SEKIRITE SOSYAL

X

Siyati

Dat la

Ekri Non an Lèt Detache: